


La Bib pou ti moun
prézanté



Samson,
nonm fò
Bondye a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Sa genyen lontan, te gen yon nonm ki te rele Manoah
ki t ap viv nan peyi Izrayèl. Li menm ak madanm li pa
te gen pitit. Yon jou, yon zanj Letènèl te parèt
devan Madan Manoah epi li te di l :

"Ou pral gen yon tibebe ki
espesyal anpil."





Li te di mari l bèl nouvèl la. Manoah te priye : "O Seyè... vini ankò. Di nou ki sa nou dwe fè pou timoun lan."





Zanj lan te di Manoah timoun nan
pa dwe janm koupe cheve li, pa dwe
janm bwè alkòl, pa dwe janm manje
sèten manje. Bondye te chwazi
timoun sa a pou li vin jij. Li te dwe
kondui Izrayèl.






Pèp
Bondye

a te sètènman bezwen èd. Yo te mete Bondye
deyò nan lavi yo ; lènmi yo, Filisten yo, t ap
toupizi yo. Men, lè yo te priye, Bondye te
tande. Li te voye tibebe sa a ki t apral vin nonm
ki pi fò nan mond lan.





Se konsa, fanm lan
te fè yon pitit
gason, epi li te rele
l Samson. Timoun
nan grandi, epi
Letènèl beni li. Epi
Lespri Letènèl te
kòmanse abite li.
Samson te vin gen
anpil fòs. Yon jou
li te atake yon jèn
lyon ak men l
sèlman epi li te
touye l.





Après sa, Samson te goute siwo
myèl nan myèl sovaj yo ki te vin
anvayi kò lyon ki te mouri a. Li te
pwopoze yon devinèt : "Manje te soti
nan men moun ki t ap devore a, dousè
te soti nan men moun ki fò a."






Pèsonn pa te kapab jwenn
siyifikasyon devinèt la — men nouvo
madanm Samson an, yon Filistin, te di
zanmi l yo li. Sa te fè Samson fache anpil.




Samson te vin pi fache toujou lè Filisten yo te bay pi bon zanmi li a madanm li pou vin madanm li. Li te planifye yon revanj. Men, kouman ? Premyèman, Samson te kenbe 300 rena, li te mare ke yo ansanm de pa de, epi li te mete flanbo dife nan mitan yo.




Apré sa, Samson te lage rena yo nan jaden ble
Filisten yo.



Filisten yo te vle vanje. Samson te kite yo pran li,
yo te mare l epi yo te remèt li bay Filisten yo, ki te
vle touye l.



Men, Lespri Letènèl te vin sou
Samson. Li te kase kòd yo epi
li te trape machwè yon bourik
ki te mouri, epi li te itilize l
pou l touye 1,000 lènmi.



Filisten yo t ap chèche Samson. Yon jou lannuit, yo te pran li nan pyèj nan yon vil epi yo te fèmen pòtay vil la. Men, Samson te sove, pandan li te pote pòt yo sou zepòl li.



Men, Samson te febli devan
Bondye. Letènèl te ba li fòs
toutotan li te obeyi l. Yon jou,
Samson te pataje sekrè fòs li
a ak Delila, yon bèl espyòn
Filisten. Li te kale tèt Samson
pandan li t ap dòmi.






Aprè sa, sòlda
Filisten yo t atake
Samson nan chanm
Delila a. Samson te
reyaji imedyatman,
men fòs li a te
disparèt. Lènm li
yo te pete je l.


Samson te avèg
ak fèb, li te vin
esklav Filisten
yo. Yo t ap ri
epi yo t ap pase
sèvitè Bondye a
nan betiz.




Filisten yo te fè yon
fèt. Yo t ap fè lwanj
pou dye pwason yo a,
Dagon, paske li te livre
Samson ba yo. Yo t ap
bwè epi yo t ap rejwi
nan tanp Dagon an. Yo
te voye chache Samson
pou li vin wè sa.



Yon jèn gason te mennen Samson epi li te kite l apiye
sou pilye yo ki te kenbe tanp lan. Te gen 3,000
Filisten sou do kay la, epi pi plis toujou nan tanp lan,
yo tout t ap
pase li nan
rizib.




Men, cheve Samson te kòmanse ap pouse ankò nan prizon an. Li te priye, "Senyè Letènèl, ban mwen fòs sèlman fwa sa a, epi kite m tire revanj sou Filisten yo pou je m yo mwen te pèdi a."



Èske Bondye t apral bay Samson fòs
ankò ? Èske Samson t apral reyalize bagay ki enposib

la ? WI ! Samson te
lonje kò l ak tout fòs
li, epi tanp Dagon an
te tonbe, li te touye
plizyè milye Filisten
— ak Samson tou !




Samson, nonm fò Bondye a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,
Nap jwen-n nan


Jij 13-16

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130





14



60



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'ètènité.
Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

